

## **BAB V**

### **KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar hasil analisis data anu geus ditétélakeun di bab IV, hasil tina ieu panalungtikan bisa dicindekkeun ieu di handap.

- a. Makéna basa Sunda sapopoé siswa SMP Negeri 2 Ciawi, sacara umum kagolong sering, lantaran makéna basa Sunda sapopoé anu kagolong sering pisan aya 34 siswa (49%) sarta anu kagolong sering aya 36 siswa (51%).
- b. Kamampuh ngalarapkeun kandaga kecap siswa SMP Negeri 2 Ciawi taun ajar 2022/2023 nyaéta luhur pisan (86%). Lantaran katégori siswa anu luhur pisan (81 – 100) aya 57 siswa, jeung katégori siswa anu luhur (61 – 80) aya 13 siswa.
- c. Korélasi antara makéna basa Sunda sapopoé (X) jeung kamampuh ngalarapkeun kandaga kecap (Y) siswa SMP Negeri 2 Ciawi taun ajar 2022/2023 nyaéta  $0,000 < 0,05$ . Hartina aya korélasi anu signifikan antara makéna basa Sunda sapopoé jeung kamampuh ngalarapkeun kandaga kecap siswa SMP Negeri 2 Ciawi taun ajar 2022/2023. Koéfisién korélasina 0,885 anu hartina aya hubungan positif anu luhur pisan antara makéna basa Sunda sapopoé jeung kamampuh ngalarapkeun kandaga kecap siswa SMP Negeri 2 Ciawi taun ajar 2022/2023.

#### **5.2 Implikasi**

Dumasar hasil panalungtikan korélasi antara makéna basa Sunda sapopoé (X) jeung kamampuh ngalarapkeun kandaga kecap (Y) siswa SMP Negeri 2 Ciawi taun ajar 2022/2023, ieu variabel téh aya korélasi anu signifikan antara makéna basa Sunda sapopoé jeung kamampuh ngalarapkeun kandaga kecap. Ku kituna, ku seringna maké basa sunda dina kahirupan sapopoé bisa ngawangun kamampuh ngalarapkeun kandaga kecap anu luhur.

### 5.3 Rékoméndasi

Sabada ngalaksanakeun ieu panalungtikan, aya sababaraha saran anu ditepikeun ku panalungtik, di antarana ieu di handap.

- a. Basa sapopoé boga korélasi anu luhur kana kamampuh ngalarapkeun kandaga kecap. Ku sabab kitu, dina kahirupan sapopoé, urang Sunda kudu maké basa Sunda dina komunikasi jeung papada masarakat urang Sunda.
- b. Ieu panalungtikan téh ngan ukur ngorélasikeun antara makéna basa Sunda sapopoé jeung kamampuh ngalarapkeun kandaga kecap. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan séjén anu leuwih lega.